



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 1 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO AP AKEYI PREMÈ SOMÈ SOU TOURIS ETA NEW YORK NAN DAT 8 ME

Lidè Sektè a ap Diskite sou Mwayen pou Devlope Sektè Touris New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li pral akeyi premye Somè sou Touris Eta New York pou tandè lidè sektè a, pwopriyetè biznis ak lòt pati konsène pou ede garanti sektè touris la ap kontinye devlope epi ap kreye djòb nan New York. Somè Touris la pral fèt jou ki mèkredi 8 me 2013 la a 10:30 AM nan Hart Lounge nan Albany.

“Soti nan wine trails Finger Lakes yo rive nan plaj Long Island, Eta New York gen prensipal destinasyon pou vizitè k ap soti nan lemond antye,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Sektè touris la se senkyèm pi gwo anplwayè nan New York ak yon motè ekonomik enpòtan, epi Eta a angaje l nan kenbe siksè li. Somè nou yo te bay rezilta vizib pou lòt sektè, alejman fòmalitye administratif epi plis fasilite pou fè biznis isit nan New York. Somè sa pral kontinye dyalòg nou an ak kominote biznis la pou nou kapab jwenn fason pou stimile sektè touris la, kreye djòb, epi vann pi byen tout sa Empire State la gen pou l ofri.”

Depi li pran fonksyon, Gouvènè Cuomo te lanse yon seri inisyativ pou sipòte touris nan tout eta a, san bliye nouvo kanpay maketing ak piblisite pou montre anpil atou ak atraksyon Eta New York genyen. Antanke senkyèm pi gwo sektè anplwa nan New York, touris sipòte 694.000 djòb epi jenere \$16,6 milya nan salè nan lane 2011.

Nan lane 2011 sèlman, Empire State la te resevwa 202 milyon vizitè entènasyonal ak nasyonal – yon 8.3 pousan ogmantasyon parapò ak lane anvan an. Vizitè sa yo te pote yon rekò \$53,9 milya nan depans touris dirèk, epi te jenere \$6,9 milya nan taks onivo eta ak lokal. Pou chita siksè sa yo epi kontinye stimile touris ak kreye djòb, Gouvènè a te lanse lotre jou nouvo inisyativ pou mete pwojektè sou bote natirèl ak aktivite rekreyasyon Eta a epi pou atire vizitè nan Upstate New York, tankou I Love My Park Day, New York Open for Fishing and Hunting, Path Through History ak Adirondack Challenge.

Pandan somè a, Gouvènè a pral modere yon diskisyon kote patisipan pral genyen opòtinite pou bay pwopozisyon yo sou sa yo kwè ki ka ede stimile touris New York nan tout eta a. Pral genyen mizajou sou inisyativ touris Gouvènè Cuomo te lanse depi li te pran fonksyon, tankou Path Through History, kanpay maketing ‘I Love NY’ ki te relanse ak efò touristik Wine, Beer & Spirits, pou site sa yo sèlman. Gouvènè a

pral gen avèk li responsab ak pi wo reprezantan maketing Eta a, ak tou Cristyne Nicholas, nouvo Prezidan New York State Tourism Advisory Council, Jonathan Tisch, Prezidan Loews Hotels & Resorts ak Prezidan Emerit US Travel Association, ak lidè sektè touris onivo eta a, nasyonal ak entènasyonal.

Anplis, plizyè sesyon gwoup tematik ap fèt nan apremidi sou segman mache sektè touris vital, epi se lidè opinyon rekoni nan sektè a ki pral moderatè. Tèm gwoup yo se: spò ak touris evenmansyèl; touris enterè ak touris nich tankou agwotouris, touris kiltirèl, ak touris patwimwann; ak touris entènasyonal.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418